

RIWAYAT HIRUP



Wasta pun Yesi Oktaviani, nénéhna iyes. Lahir di Cianjur, 14 Oktober 1993. Kuring cikal ti tilu sadulur, buah kanyaah ti Bapa Dedi Rusmana jeung Ibu Siti Aisah. Pun rayi Devi Sri Robi'ah, ayeuna keur nuluykeun sakola di Madrasah Aliyah Negeri (MAN) Pacet, Cianjur. Sedengkeun si bungsu Salsa Novita Khasanah masih kénéh kelas 2 di SDN Palasari. Padumukan di Kp. Geduk RT 02/ RW 07, desa Palasari, kec. Cipanas, Kab. Cianjur. Mimiti nyuprih élmu di SDN Palasari taun 2000 lulus taun 2006. Nuluykeun sakola ka SMP Negeri 2 Cipanas lulus taun 2009. Asup ka SMAN 1 Sukaesmi katarima di jurusan Bahasa sarta lulus taun 2012. Pipilueun daptar SNMPTN ka UPI taun 2012, Alhamdulillah katarima di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah.

Salian ti nyuprih élmu pangaweruh sakapeung mah sok ilubiung dina kagiatan séjénna. Di SD kuring aktif miluan lomba olah raga, kungsi jadi juara ka tilu senam pencak silat, lomba latihan tatacara upacara bendera (LTUB), kagiatan pramuka, sarta lomba siswa berprestasi. Di SMP kuring ilubiung dina kagiatan Osis salaku wakil pupuhu sekbid 2, ogé aktif di pramuka jeung *English club*. Alhamdulillah kungsi jadi juara 3 lomba cerdas cermat basa Inggris jeung juara 3 lomba mojang kartini sanajan antar kelas di sakola.

Carita di SMA kuring ilubiung dina ékstrakulikuler pramuka. Miboga pancén pikeun jadi krani atawa girang serat. Kungsi ilubiung dina kagiatan Bakti Desa Pramuka di Desa Cupunagara, subang salaku wawakil kabupatén Cianjur salila salapan poé, kagiatan kemah saka wirakartika dina raraga milangkala TNI AD di Kiara Patung, Sumedang, réa kénéh kagiatan séjénna anu teu bisa disebutan hiji-hiji. Sedengkeun salila kuliah, kuring jadi cicingeun. Kuring kungsi ilubiung dina kagiatan Bendé Rancagé 2013 salaku divisi kerohanian, sarta Bendé Rancagé 2014 salaku divisi olah raga. Dina kagiatan Riksa Budaya Sunda, sim kuring ngagugulung divisi pasanggiri dongéng. Kungsi ilubiung jadi pamilon pasanggiri

Yesi Oktaviani, 2016

METODEU KARYA WISATA DINA PANGAJARAN NULIS PANGALAMAN PRIBADI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

maca carpon Jurig, Paséa, jeung Nyi Karsih karangan Tini Kartini dina raraga helaran Wanoja Sunda Binékas. Sarta aktif di luareun kagiatan kampus salaku Relawan TIK Cianjur sanajan masih kénéh diajar sangkan leuwih mangpaat keur jalma réa.

Alhamdulillah kalayan rido Gusti nu Mahasuci, kanyaah Bapa jeung Mamah, Batur kuliah nu maturan jeung mantuan nalika kuliah, kuring dipaparin kalancaran salila kuliah di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah nepi ka bisa lulus jadi sarjana pendidikan.